зэ къэlухукlэ Іыхьитlу зэгуэжуу.

Хуабэ гуэр мис абдеж къытхыхьат,
махуэ къэскlэ ди гъащlэм имыlэу.
Зым мылъыхъуэт зи макъ зэхэтхар,
хуейт ищlэну гъунэгъуу цыху щыlэу...

* * *

Дыдохьэ джэгур щекlуэкl пщlантIэм.
Дригъэб лагъэ щыкlу,
хьэ нэфlэгуфlэ къытпожажъ,
игъэкlэрахьуэу и кlэр.

Зыкъытхуегъафlэ, зыкъытщехьуэ
абы, лъакъуитIым тету.
«Мы хьэм, - гу лъетэ си ныбжьэгъум, -
и плlэ лъакъуитIыр пыткъым».

Бысымхэм дэ драгъэблагъэ,
жьэ хэпъэ урэ хьэр Іуахуу.
Хьэр ахэм зы нэкlэ еплъати,
иджыри сигу схуигъэхукъым.

А пльэкlэм упщlэ куэд къыхэщырт,
хэлът зызмыхъуэж гуапагъэ.
А нэ къабзитIым сэ гужьгъэжьым
и ныбжьи щlээмылъагъэт.

Жалэ бысымхэм: пщэдджыжь гуэрым
хьэр зэкlуэжат гъзыжу,
зэпыударэ и лъакъуитIыр
фэм фlэкl имыlыгъжу.

Илъагъущ теувэ зэрымыхъур,
зигъэпщкlури тхьэмыщкlэм,
къута и лъакъуэкlэ гъэрыгъуэу
пишхьыкlыжащ, къэмыскlэу.

Пщlэу макъыр, щыкрэр игъэтхытхыу,
къоlукlыр хьэм и гущlэм.
ЛъакъуитI кьэнамкlэ пожьэ цlыхухэм
лей кърахам иужькlэ...

* * *

Унащхьэм къытоlу э уэшх жэщ псом,
пхьащlэ гупышху э тесу къысфlигъэщlу.
Зэм сымыжей, сыlуриынщи зэм,
сепщlыхьыжынщ ди хьэблэм дэса пхьащlэм.

Абы и Іэпхъу амбэшхуэр пымытыжт,
итIани, пхьэр щиупсым деж, уихьэхурт.
Абы и пхъэпсым къыщlэкl пхьэупсахуэм,
нэхъ дахэ хъумэ фlэфlу, зишьыхьыжт

Ар зэрылажьэм сепль у махуэр схьырт,
и Іэпэм щхьэкlэ сфlэгуэныхь у мащlэу.
Абы и Іэпэр, сщlэркъым, си фlэщ хьурт
кьыдэ жыжьну жыг кьудамэм ещхь у.

Абы, лэжьыгъэм къыдэхуа нэужь,
къысхухибзыкlырт пхьэм сызыщыгугъыр.
Пхъэ кьамэр зыкlэрысщlэрти, сыущт,
си чышым лъызмыгъэст зыгъэпсэхугъуэ.

Зэм сымыжей, сыlуриынщи зэм,
сепщlыхьыжынщ гъунэгъуу диlа пхьащlэм.
Унащхьэм къытеуlуэхэм жэщ псом
кьаэсцыхукlыжу ар къысфlощlыр.



Ацкъан Руслан
1971 гъэ

Тхакlуэ щалэхэм я Союзпсо зэlущlэм хэтщ Ацкъан Руслан, кьалмыкь усакlуэ Кадрия, литературовед Эфендиевэ Тамарэ, Кулиев Къайсын *(Налшык)*,тхакlуэ Батуринэ Татьянэ *(Волгоград)* сымэ.
Москва,1975 гъэ, гъатхэпэм и 23.

* * *

Къыщlохьэ дядэр. Щыму доувыкl,
удыным пэплъэ эзранщlакlуэм ещхьу.
Псэр игъэтынщу ар пымыгуфыкl,
текlыну хабзэм тримыльхьэ и щхьэм.

Абдеж, и макъым дэуша сабийр,
гуфlэгъуэр иlэу дадэм ныпожажьэ.
Модрейми зыкъыхуедзри абы,
пхъашагъэу хэльыр зэуэ эзтощащэ.

Дадэ и Іэплlэм йоджэгухьри исщ
сабий щхьэжуитыр, зэми кьафэ ищlу.
Хэт и гугъэт ди адэм апхуэдизэ
псальэ дыгъэлу, псальэ Іэфlу ищlэу...

ЖыгитI

Пагэу гъуэгу гъунэм Іут жыгым,
тхьэмпэр иутхупщlу, зыхеш.
Сабэу мы гъуэгум трихыр
лъэмыlэсыну ар хуейщ.
Іутъуэу мы гъуэгум трихур
зэщlимыкфыну ар хуейщ.
А жыгым и гум кърихур
блэкl псоми наlуэ ящещl.

Пагэу гъуэгу гъунэм Іут жыгым
кьыбгъурыт жыгыр нэгъуэщlщ.
Дунейкlэ ирикьужыну
мэпсэур мыхъуу и фlэщ.
Щытщ зиубгъуаэ, щытщ льэщу,
сабэр абы топщlыпщlыкl.
Щыхашым гъуэгу, памыупщlу
кьызэрынам щогуфlыкl...

* * *

Ныщхьэбэ зыри щlэскъым унэм.
Сыкъыщlэнащи зеэдэкlыу,
си укъэкlыжж эр зы къэмынэу,
сызэпаубыду, сху зэблокlыр.

Жэщ къарууфlэ къатегуплlэм
блынипплlыр хуэдэщи пэщlэтым,
ящlэзгъэкъуэнт гъуэрыгъуэу си плlэр,
си лыгъэншагъэр сымыщlэжтэм.

Мырат жэщ хьэлъэ жыхуаlэжыр,
гукъеуэ Іэджэр зи блыгущlэтыр.
Ахэр блэгущlэм къыщlегъэжри,
кьыхсхуагъэутхъуэ лъыуэ сщlэтыр.

Кьызэныкъуэкъуурэ езэшхэр
къуожеихьыжри плlанэпэм,
мурад щэху гуэрхэм кьагъэзэжыр,
иджыри дзыхь кьыххуамыщlыпэу.

Апхуэдэ защlэу макlуэ жэщыр,
жэщ гугъу Іэмал зыхуэзмыгъуэтыр.
Къчанlэ гуэрхэри пщэдджыжьым
ди блынжэм иlэу кьызоигъуэтыр...

* * *

Іыхьлым и Іуэхур сыту гуащlэ,
аращ гумащlэ сызыщlыфыр.
Абы мы си лым зыкегуашэ,
зыхэсщlэм игъэтхытхыу щlыфэр.

Іыхьлыхэм лъыхъуэу кьызджкlухьым,
гупсысэр щlыльэм кьыщынэжьым.
Кьыбгъэдоувэ вагъуэ бжьыхьым
ущызэпхыплъу си анэшхуэр.

Къэплъащ си джжкlэ нанэ куэдрэ,
хэт ащ зыгуэр кьыхсуиlуэ тэну.
Псом нэхъ нэхъыщхьэр зэхэхь пэтрэ,
хэт и гугъэнт жейр кьыстекlуэну.

Нэбэнэушэу сыкьэтэджри -
кьысщыгуфlыкlырт уафэ бзыгъэр.
Зыгуэрым бжьхьыр икъутэжри,
зэщlигъэнат абыкlэ дыгъэр...

* * *

Сабий факьырэ тесщ гъэзгущхьэм,
нэкlэ емыджэу щыху блэмыкl.
Щыэзригъажэу зыгуэр пащхьэм,
зэми и «Іуэхум» тоджэгукl.

Сызыlэпишэу и гуфlэкlэм
абы и пащхьэм сэ сожьхь.

Сльэкlыр дызольхьэ и гуфlакlэм,
а щыкlум нlэкъыми жып.

Къыгурыlуапи сызыхэтыр,
сабийр Іэнкуну кьыдопльей.
Щым щылъ и пылъэ Іуегъэкlуэтыр,
игъэпщкlужыну хэт нэхьей.

Сытехьэжа нэужь си гъуэгум,
пыгуфlыкlауэ ар кьыщсщохьу.
Илъагъум хэльыр еший зы Іэгур,
адрей и Іэгум «мэл цыкlу щохьу»...

* * *

Сащхьэщытыни, сащхьэщымытыни
си бын гъуэгуанэу щыlэм тезгъэгушхуэм.
Щыхуейм и деж си дамэр ягъуэтыну
я гугъэщи, ярикъукъым дунеишхуэр.

Зы гъащlэм хупичар зэрыlэсльэсыр,
нэпс зэрыхьужыр ди гуфlэгъуэм и кlэр
абыхэм яжесlэну сэ кьыслъысми,
кьысхуэмыгъуэт зэрысlуэтэну щыкlэр.

Сащхьэщытыни, сащхьэщымытыни...
Жьы мащlэр псэм и щхэум кьыподжэжыр.
Хьэзырщ мы дунеижьыр хэкlуэтыну,
здэкlуэнум нэс иутlыпщу джэрпэджжэжыр.

Къопсых зы щхэу, нэгъуэщlыр докlуеижыр.
Уэлу кьащхъ хэр зэхъэзох кьызэрызджэр.
Щытыни, щымытыни дунеижьыр,
я пэш яфlэщlу зэщlапхъанкlэр зэкlэ...

* * *

Щыхупlэр ещхьщ лIыжь еэзшам,
дотхытх и нэщхьым Іэгъуэблагъэр.
Ещхьщ и щыуагъэм хуэзэжам,
пхопль жьыжь - жиlэркъым ильагъур.

ЯтIагъуэ бгъэгур кьигъэчащ
абы гупсысэу зэблигъэкlым.
И натlэ бгъуфlэр зэщlэчащ,
бзу гуэрхэм абгъуэ иращlэкlыу.

Щыхупlэр ещхьщ лIыжь еэзшам,
арщхьэкlэ сытоувэ и тхым,
си щыфэ сытми есэжар
си сабигъуэм кьыщытхытхыу.

Щыхупlэ хьэлыр сэ сощlэж,
зэпхрысхащ ар бжьыбжьу гъащlэм:
бгъафэм щlэль мывэми йощэж,
иридзыхьи хьэзыру льащlэм.

Еэзшаифэщ иджыпсту,
жьы кхъахэм и фэ зытрегъауэ.
И налъэ кьэскlэ зэщlэстынщ,
щхьащхьи убэлэрыгъауэ.

Ущеджлэххкlэ кьоlунщынщ
щыхупlэ нэзым щыгъу удзыпэр.
Ищlам дэгушхуэу зиуэзэщынщ,
кьыщlэльэдзжу лъы удзыфэр.

Зыгуэр зыукlым кьыдэщlын
дунейм сыт щыгъуи щыбгъуэтынущ.
Кьызэрыщэтыр куэд и щlыб
щыхупlэм ищlэу кьыщlэкlынущ.

Ауэ и пащхьэр сыту нэщl...
Сытетщ и тхыщlэм, сыхэльэ тэ.
Нэхьапэм зричын кьысфlэщlт,
иджы кьысщохьу тIысыну хэту.

Зыхэсщlэм сищыркъым Іэнкун,
абы кьэкlуэнур сегъэльытэ.
Кьикlам зэманым и джэгун,
щыхупlэм хуэдэкъым икъутэр.

Щыхупlэр, гуэхуурэ, хьужынщ
кьызэрыгуэкl зы бгы дэкlыгъуэ.
ИтIанэ мэзым хэкlуэжынщ,
и жыг кьэс бгыщхьэм дэкl ун гугъэу.

* * *

Сосэж хьыгъэм, дзыхь хуэсщlыжу зэми,
езыми хуэму си пкъым абгъуэ щещl.
Йосэж апхуэдэу кlыфlым нэри псэри,
арщхьэкlэ нэхури кьалъысыну хуейщ.

Сосэж хьыгъэм, ещl езыми абгъуэ,
зэлъа кьэс кьрехьэлlэ, ещхьу шхийм.
Си гъащlэр мэшыр хьуху хагъэса ныбгъуэт,
куэдщ, хьуа нэужькlэ, хьэсэр Іузыхьн.

Сытхьэнщ иджы, щыжыпlэм - лей охъужыр,
аращ и хабзэр кьытщхьэщыт дунейм.
ГъащlитI сыхуейкъым, зыр кьыхьызохьжыр -
сыхуейкъым лей сыхъуну сэ тIэуней.

* * *

Узижэгъуэным зызыхуигъэфlэн имыlэкlэ.
Дэнэ щыlэ ар зыгъэlуар?
Пшэ гуэрэнхэр эдэкlуам ари кlуащ,
жыг щхьэ закъуэр ещlащ ар эдэщыlэмкlэ.

Узижэгъуэным зызыхуигъэфlэн имыlэкlэ
дызыхэт гъащlэм, адрей дунейм...
Кьысфlощl ар кьызжаlэну хуей,
пшэ щхьэщысыкlхэр кьыщыувыlэкlэ.

Узижэгъуэным зызыхуигъэфlэн имыlэкlэ.
Абы лъыхьуэу хэтщи бэлъхь,
удэ кlырым Іуащхьэр хъурейуэ кьежьых,
жэ и гугъэжрэ кьыпэплъэ эдэщыlэмкlэ.

Узижэгъуэным зызыхуигъэфlэн имыlэкlэ.
Дыгъэр кьыщlокlри - Іэнкуну зеплъых,
кьыхуэзэщау э щыlэр ибжьыу.
Зызыхуэбгъэфlэн унмыlэмэ - сыт удыгъэкlэ...

* * *

Уэшх кьешхащ, нэгу щlигъэкlыу хы лъащlэр,
щоу дунейм бдзэжьеимэ.
Зихьумэжу удэ кlырыр гъуэлъащи,
щыри бгъэгукlэ екъымэ.

Жьыр иджыри кlэмажьэкlэ мауэ,
щесрэ пэт жыг зэхуакухэм.
Псы кьиуар здэмыкlуэнумкlэ макlуэ,
зыльэlэсыр кlэкуакуэу.

Псыхьэлыгъуэм иlащи джэгупlэу,
кьэзгъуэтыжкъым ися уафэ джабэр
кьэушырыбу сольагъур...

Къуршыбгъэ

Уздэщыlэр зымыщlэр нэхъыбэщ,
уи пагагъым хуэныкъуэри хэт.
КьетIысэх, уи нэджыджыр опьагъ упэу,
сэ зэр щхьэкlэ гупсысэ сыхэтщ.

Яльэгъуакъым къуршыбгъэм и кхъащхьэ,
ауэ уэри лlэжьнум уащыщщ.
Зыр адрейм дыщывэрэ и пащхьэ,
зэхуэтlуатэм дигу ильыр нэхьыфlщ.

Сощlэ, уи нэм абдеж щэслъэгъуэнущ
мыльэтэфым хуеплъыхьу ауан,
ауэ ари, си къуэш, пхуэзгъэгъунущ -
уебэкъуэныр мытынш кьыбдалъхуам.

Уафэ кьащхьуэм щызеуэм сахэдэм,
хэсльагъукlыр у эракьэ, си нэху.
Сэ узу щхьэкlэ гупсысэ сыхэтмэ -
арщ щlалэгъуэр щlокlыжри си нэгу.

Сыщытащ сэри пагэу зэгуэрым,
абы щхьэкlэ хуэмей ульэтэн.
Иджы лъэгур щlикъыкlыу сыкlуэнут,
ауэ щlым зэхэщlыкl щыбгъуэтын?

Кьыпкlэрех и щlыlэмэр уэгу кьащхьуэм,
нэ утхъуахэм пшэ фlыщlэ щопэкlу.

Кьетlысэхи, кьиувэ си пащхьэ,
дякум дэльыр, си тIасэ, зытIэкlущ.

Дызэщlыгъуу дгъэкlуэнщ гъащlэ Іыхьэ,
нужь псальэр зыльысри уэращ.
Зыпlэтыжмэ зэфlокl унгу кьыщихьэ,
кьысхуэбгъанэу гурыщlэ борэн.

Сыщlохьуэпс ди зэlущlэм итIани,
сагъэпудмэ нэхъ кьасщтэ нэхьей...
Кьысщхьэщытщ уи хэщlапlэр Іэтауэ,
уи ныбжь кlапи абы щымыхьей.

* * *

И пльэкlэм блэр игъэкlытэнт,
гур ириудут зэрыпсальэр,
арщхьэкlэ сылlэм нэхъ кьэсщтэнт
абы хэху нэхьрэ зы щхьэц нальэ.

Ныббгъэдэкlуэт ти - кьэувыжт,
укlэпыкlуатэу уеубзэну.
Сэрэ унафэ зыхуэсщlыжт
сфубзэу ар езмыгъэсэну.

Ауэ, си мыгъэр кьэувам,
а си унафэр икlуэт, кьафэу.
Зым хульэмыкlыу щиупфэн
щыджэгут си нитIым гухэль мафlэр.

И теплъэр жэщи махуи сщlыгъут.
Апхуэдэу фlыщlэу сльагъути пщащэр,
си хъуре ягъыр бий кьысщыхьут,
ар мыщlыхуфlу кьысфlигъэщlу.

Си гъащlэм щыщу сыту куэд
игъэкlуэда а лъагъуныгъэм.
Иджыри кьэскlэ си лъым хэтщ,
зыгуэркlэ си гур игъэныкъуэ.

Ар сlэщlэкlат, ар сфlэкlуэсат,
си гъащlэм хихри гукъыдэжыр.
Сыт сымыщlами семыса
блэр зыгъэукlытэр згъэ укlытэжу...

* * *

А Іащхьэр щыблэм фlыуэ ильэгъуат,
щхьэщытщ, кьеуэжу игъафlэ и гугъэжу.
Абы цlыху цlыкlур докlыр, узгъу щыхъуам,
и мывэр ягъэхьейм - уэшх кьрагъэшхыу.

Цlыху цlыкlум мывэр и пlэм ирагъэкl,
щым зэрыхэт гупсысэр зэпауду.
Щыпсэухэр мывэ щlагъым кьыщlагъэщ,
зэмыса нэхум я гур ириуду.

Цlыху фlэщхьуныгъэм уэшхыр кьегъэуш.
Е щынэхьыбэ мы дунейм зэтехуэр?
Щым кьеуэ куэдыр уэшхым егъэхьуж,
псы уэрым хошэсэжыр щым кьыздэхуэр.

А псор зи жагъуэ мывэр уфlыщlащ,
и гущхьэм щызэбгъкlыр кьызэпхыщу.
Абы и гъащlэр хьэлъэ зэрэзэщт,
кьыщlыщхьэри цlыхухэм кьыхуэмыщlэ.

А Іащхьэ щыблэм фlыуэ ильэгъуам
и мывэр щым хэпщхьэну мэныкъуакъуэ.
ИтIани - гъащlэр Іэфlщи арагъэнщ -
дотхъыкl щыблэ уэгъуитIым я зэхуакум.

* * *

Нэр зэтеспlэм - кьыщlохьэ си нэгу
зы гъуэгу задэ, уэгу гъунэм хьыхьжу.
Мис а гъуэгум акъужьу щопэкlу
зы гухэль, кьикlуэсыкlыуэ хьэршым.

Акъужь щабэр жыг щхьэкlэм льоIэс,
мэджэрэз, кьопсыхьж, зэранынщэу.
Ар гухэльщ, ар кьикlащ хьэршым нэс,
щылъыхьуэну мыбдеж зыхуэзэшым.

Дыжьын сабэр гъуэгущхьэм кьолъэль,
гъуэгубгъуитIыр зольатэ удэ кlыр у.
Хьэршым нэскlэ кьикlауэ гухэль
кьеГуэсну хэт и гум кьэкlынут.

Ауэ куэдрэ апхуэдэу пхуэкlуэнт
фэззэхъуэжкlыу кьежlуэкl дунеижьыр.
Дуней хьэхум зышыlар фlокlуэд,
еужэгъу кьиlущщыр акъужьым.

Хьэршым и кум гумащlэ щыхъуар
езым ещхь дуней хьэхум ещlыжыр.
Зы жэщ закъуэм гухэлъым зехъуэж,
кьэзыша ужькъабзагъэм епщыж у.

Акъужь щабэ бзэ Іэфlу щытар
пщэдджьжьыпэу хуокlуэж жьызэпихум.
Зэм гызынщ, зэми хьэлъэу щэтэнщ,
сыту куэд абы и гум кьрихур...



Кинорежиссер цlэрыlуэ Сокуров Александр Налшык щохьэщlэ. *2006 гъэ*



Композитор ХьэIупэ Джбрэlилрэ уэрэджыlакlуэ Тут Зауррэ кьыхуеблэгъащ. *2006 гъэ*



И ныбжьэгъу Щауэжь Хьэсэнбий и гъусэу Подмосковьем зыщегъэпсэху. *1987 гъэ*



Русланрэ абы и щыкъу щалэ Къунаш Хьэсэнбийрэ урыс усакlуэ цlэрыlуэ Шкляревский Игорь *(я кум дэту)* Іуащхьэмахуэ льапэ ирагъэльагъу. *1978 гъэ*

* * *

Си махуэу си хуарэ,
си жэщу шы кьарэ,
у эу гъунэм сыкъу эфхьыт,
ямыхьыр сывгъэ хьыт.

МыкlэщI ди гъузуганэр.
Сехуэхрэ сыкъанэм,
си махуэу си хуарэ,
си жэщу шы кьарэ,
си гущхьэ кьэкlынкьым
фхуэсщlыну гукъанэ.

Си махуэу си хуарэ,
си жэщу шы кьарэ,
фыщежьи си къуажэм,
сефхьэкl, фызэхъуажэу.

Си махуэу си хуарэ,
си жэщу шы кьарэ,
щиухым си гъащlэр
фымыхьут гумащlэ.
Си пщlантIэм щевгъажьи,
схуэфщlыжьыт шыгъажэ...

Жьапщэ

Кьыщхьэрипхьуащи и нэр,
дунейр зэрегъэдзэкl.
Зэм щlопхьэ, умыщlэну
зиукlыжыну фlэкl.

Къурш дзакlэхэм щихъуэхукlэ
пих хьуасклэм пшэр егъэл.

Дунейр зэщlигъэхьэхукlэ
кьежьыхьри, щlым щогъуэль.

Абы и шынагъуагъыр,
дэхьытхыу, псым екъыж.
И нэ пшагъуитI сльэгъуари
дунейм хошьпсыхьыж.

Ар кьотэджыж акъужьу,
ищlаэм хущlогъуэж.
Ебакъуэу хьэл мыгъуэжьым,
щы щхьэфэм Іэ дельэж.

Арщхьэкlэ пыкlыу и фэр,
нэм ильагъу псор кьэнащ.
Кьыхэщтыкlыху жыг псыфыр -
мэхьэмкlэ псы инар...

Къэбардейхэр мэхасэ, лъэпкъ Іуэхущхэм топсэлъыхь

(Кіэухыр. Пэщідзэзр 2-нэ нап.)

Адыгэ жылагъуэ лэжьакіуэхэр, лъэпкъ зэхэщыкі зиІэ цыхуэхэр ирогушхо Урысеймэ хамэ къэралхэмэ щыпсэу адыгэхэм анэдэлхубзэр кьыщагъэсэбэп щыпІэкэ, Іэнатіэхэр, зэхьыхьэхэр кіуэ пэтми нэхъ мащіэ, адыгэ ныбжьыкіэ, адыгэ хабзэм кьыдэщІыбыдэ топхи нэхъ кІащхъэ зэрыхьэм. Зэрыгурыіуэгъэщи, ар щыпІэ топсми зэхуэдэу кьыщыхьурахьми: языныкьуэхэм зи гугъу тщІа лъапІэныгъэхэр нэхъ псынщІэу яІэщІокі, языныкьуэхэми ахэр ІэщІыб ящІа ямыгугъуэрэ, хуэм дыдэурэ яІэщІожьабзэ - ар куэдми-мащІэми, зэпытар адыгэхэр щыпсэу къэралхэм щекІуэкі лъэпкъ политикэр зыхуэдэпщІ.

Хэхэс адыгэхэм я Іуэху зыІутыр зыщІкІ Іэщідзэлпхэм кьызэрагъэльагъэмкІэ, тырку-ахьрыпыбгэ «зыІуль» хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэр нэхъыбэ хьуху, псом хуэмыдэу электроннэ Іэмалхэр, урбанизацІэр зацэм хельаСэ, апхуэдэ щыкІкІэкІэ адыгэхэр, нэхъ зэгъуэнэгъу дыхъужьыным и пІэкІэ, нэхъыр зэпэІэщІэ дошуу. Абы щхьэщыкІыу егъэмащІу ди анэдэлхубзэхэр кьыщыдгъэсэбэпыфынУ Іэнатіэхэр.

Хэхэс адыгэхэм я нэхъыбэм я гур зэрагъэфІ хуэзэпсапІэ дадэу яІэр Хэкум кьзгъэзэжьнырщ, зы лъэпкъыу адэжь лъахэм щыпсэжьуэжьынырщ. Хэхэ и дежькІэ гурыІуэгъуэ, ар зэрымыІуэзу цыкІур, абы зэмащыхьуи мыльку хьарзыни зэрыпытеІуадэр, псоцІэмкъ куэдми зэрэрагъэІщІэр. Хьэхэ адыгэ псори зэуэ адэжь щыпІэмкІи къэшэжьыпІ ДАХ-м хуэгъэкъаруунрыкьи, апхуэдэ пщэрыІуи и3кІым абы.

Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьызэрыгъэхэрэ яп махуэхэм щІгъэжьауэ пщэрыльпу иІам я нэхъыщхьэр Хэкум къэкІуэжьынэу, мурад зыщІэхьи ядэлэпІэ кьуныргъ, ахэр Кавказым лъфыдыжьІэ щыувыжьныкІэ щІыгагъэжьынырц. А Іуэхум и кІэкІыпІэхэм ящыщ зыуэ Адыгэ Республикэм ІыхьлыщІагъуэ щытащ репатриантэхэм ятеуэхуэ унафэ. Жыпіэфынкъым а унафэм мыпІукуІкІэ щІэгъэкьуэнышхуэ иІауэ, ауэ ятІани зэрэпсэІ ахэр Урысей Федерацым хэт ди республикищІрщ, а щІыналъэхэм щыІэ школхэм адыгэбзэр щрагъэдж, анэдэлхубзэкІэ ейдзэкІ теле-радионэтынкэр яІщІ, ахэр сыхьэт

Гуэбэщыкі Жантемыр

Черкесов Георгий

Бекышокъуэ Алексей



Іутіыж Мэжид

ныкьыжьэ ІыгъэІпІейтейуэ кьыхэщІар щыІуэхурадэ. Ауэ щыІэм цыкІу темысыжьмэ, сыт итІанэ дыдэзытепсэльыхьыныр? Ди лъэпкъэгъуэм я процентищІрраш Хэкум исыжьар, адрейхэр псори хамэ къэралхэм ипхьащ. Израилым щыпсэуэу зи Іуэху нэхъыбфІу жьыуэІэ адыгэхэм я гугъу пІщІымэ, гъэщІ, а кьуажэ щыкІуитІым я щколхэм адыгэбзэр щрагъэжьар, Щыгъуэ махуэр яІэщ, нэгъэщІыбу дыщІехьэпсэни дыщІыщІтхъуни я куэду ІыхьлыжьыкІэ, ауэ ахэр щыку минищ кьудейщ зэрыхьур. Мин 50 хьуэу щытатэмэ, дауэ пІэрэт я Іуэху зэрыхьунур?

Сэ зыри зэгъэкІыну сыхэткъым, кьыгурыІэгъэІуэну сызыхуейр Хэкум имыс адыгэр зэрыфІфІкІуэдырщ, хэкурыстхэм абы яхуэдмыщІэр нэгъэщІ ІыпэхьэмкІи къэралхэм зэрыхуамыщІэнурщ, сыт хуэдизу яГаф Іэу кьыІутІыным я щколхэм адыгэбзэр сиІэнуасщ, а кьуажэм щІэзыгъэ совхозым и унафэщІу ильэсибгъуКІэ сыхьэкІэщ, икІи мэзи лъэпкъ кьыщІэзыгъэнрэ, зи гугъу щІа щІыпІэхьэмкІи къэралхэм зэрыгъэгъэ кІэ ейдзэкІ Іэнатіэхэр ящІыпІэ щІыпІэхьэмкІи къэралхэм ипхьащ. Израилым щыпсэуэу зи Іуэху нэхъыбфІу щыІэр щІыпІэ щІыпІэхьэмкІи къэралхэм ипхьащ. Ауэ ятІани щІыпІэ щІыпІэхьэмкІи къэралхэм ипхьащ, ахэр щыІэ

Зыгъэпсэ-хугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Нэщэнэхэр

Къуаргъхэр зэрызехьэмэ...

●Къагъуэта тыгъэ ящыр-тэкъым.
●Кьанжэ кІакІэмэ, хьэ-щІэм зыхуэгъэхьэзыр.
●Къуаргъхэр зэрызехьэ-мэ, уэлбанэр хьэзыщ.
●Лъэгур шхэмэ, гъуэгу утекІэ жаІэрт.
●Мастэм Іуданэ фІэлъу зэІэпахырт экъым.

● Совет Союзым и Лыхъужьхэр

Ляпидевский, Слепнев, Каманин, нэгъуэщІхэри

Илъэс 75-рэ и пэкІэ, 1934 гъэм мэзыкьыхьым и 16-м, ди къэралым кьы-ныдэкІауэ ныгташ зи лы-гъэшхуэрэ хахуагъэкІэ къыхэжаныкІ цІыхуэхэм «Совет Союзым и Лы-хъужь» цІэр фІэщыныгъэ абы и нэмцэнэ «Лыщэ Ба-гуэ» медалыр етыныгъэ теухуа У нафэ щхьэхуэ. ТІэунейрэ а щІэ лъапІэр зыхуагъэфащэ Лыхъу-жьым щалъхуа щІыпІэм щыхуагъэувырт жэзым кьыхэщыкІа фэеплъ.



ЯПЭ дыдэу апхуэдэ къэрал дамыгъэ лъапІэ иратауэ щытащ кхъухьлъатэзехуэхэу Ляпидевский А. В., Леваневский С. А., Молоков В. С., Водопьянов М. В., Доронин И. В., Слепнев М. Т., Каманин Н. П. сымэ. Абы-хэм кьэрагъэлъау щытащ Челюскин- кхъухьым иса къэхутакІуэ гупышхэр. ЦІыхуи 100-м щІигъу хьм хихьа мыл кьутахуэщІхуэм кьытезыхьыжьахэм зэрахьа ЛыхъужьмыгъэрІ нобэми ящыгъупщэркъым.

ИужькІэ Дыщэ Вагъуэр щыльдащ ди хэкуэгъу цІыху минхэм я бгъэгум. Хэку зауэшхуэм а дамыгъэ лъапІэр хуагъэфэщащ зауэлІ мин 11-м, партизан 200-м нэсым. ТІэунейрэ ар ираташ партизан зэгъуэгъ-ныгъэхэм я командирхэу Ковнакрэ Федоровымрэ. ЩІэнейрэ маршал Буденнэм, кхъухьлъатэзехуэхэу Кожедубрэ Покрышкиныр, пІэнейрэ маршал Жуковым. А дамыгъэ лъапІэр тхуэнейрэ зратаи иІаш ди кьэралым. Ар Брежнев Леонидиц.

Ди республикэм щыщу цІыху 26-м фІащауэ щытащ а цІэ лъапІэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми ар кьиІэжьыт Хэкум хуищІа кьулыкъумкІэ, зэрихьа лЫхъужьыгъэ инымкІэ, кьэралым хуиІэ лъагъуныгъэшхуэмкІэ.

Нобэ нэхъыжьхэм ди кьаІэщІ кьэралым и лЫхъужьхэм я щапхъэм тету кьытщІэхьуэ щІэблэр дгъэсэну. Зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым ар щІыхь зыпылъ нкІи жэуапІныныгъэшхуэ зыпылъа пщэрылъу зэрыщытыр.

ПЩЫБИЙ Султъ1ан,
Ветеранхэм я республикэ советым и Президиумым хэт.

ДИ ЛЬЭПКЪЫМ хабзэ дахэу кьыдекІуэкІыеу щытащ, нысащІэр кьаша иужькІэ, щІалэр щау апІэ итыеспхьэу. Абы щауэр зэман гуэркІэ щыІэу щытащ. Ар щауапІэ кІуэрт и адэм е езы щауэм я ныбжьыгъуэм деж, е я малъхъэ и унэ. Ауэ и анэш, и адэ кьуэш, и адэ шыпхъу хуэдэхэм деж щауапІэ екІуэлІэжьыртэкъым. Ещхьыркьбзэу, емыкІу ящыт я гъунэгъу, я хьэблэ дэс гуэрхэм кьану яхуэжьыжхэри. ЩауапІэр нэхъ жьыкъэхуКІэ нэхъыкІфу кьалытэрт, ауэ хамэ кьуажь зеэми кІуэртэкъым. КьыхэсгъэщІыпхъэщ иджы апхуэдэ хабзэр э э р ы щ ы м ы І э ж ы р : хьэгъэзлІыгъэ пщыхьэщхьэм щауэр щІ ІэщІ ІуэнтІым йокІуэкІри, абы кьрашьк.

Щауэм и щауэкъуэту увырт и ныбжьэгъу е щауапІэ здекІуэлІэжам щІалэ фызыкъэмы-шІэ балигъ хьуауэ яІэмэ.

Щауэр зышэжьнухэр зэхэпхьат, щІали, хьыджэбзи, нэхъыжьыкІуэхэри яхэту. Ауэ абы ІЫхьыжьыр кІуэртэкъым. Щауэшышк кьэкІуэхэм яхэтт джэгуакІуэри, пшынэу эри, пхъэщІычауэри. Уэрэдэр кьрашу, пшынэ, Іэг у еуэу ахэр щауэр здэщІыЗм я пщІантІэм дыхьэрт, атэлыкьым (щауэр зэрыс унагъуэм я нэхъыжьхэм) и лЬэныкъуэри ещхьыркьбзэу кьапежьэрт.

Дунейр уэфІмэ, щІыбым щыджэгуэгъэ, щІыхухъуэр щау эр зІыщІэсымкІэ щІалэрт, хьыджэбзхэр нэгъуэщІ пэщкІэ ирагъэбгъ лагъэрт. АрщхькІэ щауэишык кьэкІуахэм_эеи загъэгувэртэкъым. Хабзэм зэрытету, хьэщІэныщыр хьэзыр хьухуанкІэ пэплъэрти, ар щІыЗэфІэкІам и деж зыкъаІэтыкыр т. Унэм щІэс щыкІэ уэрэдадэр ину кьыхаощэрт зэрыгъэ кьрашьжьэкырт.

ПщІантІэм дэтыр, хэт сыт ищІэми, кьафэми, джэгуми, нэщанэ еуэми кьагъанэрти, абы япежьэрт, щІалэхэр уэрэдадэ жьызыІэ зэм яхьыхьэрт. Пшынэуэрэ, Іэгуауэр, пхъэщІычуэ эр щІэту, щау эишык уэрэдыр зыш ириташкэрт:

Щауэ махуэрн кьэсхьжьакъэ!
Ежьу: Оу-у-у-ра...
Щауэ махуэрн идошэжрэ,
Ежьу: Оу-ра-ра...
Зыхуэтпшэжрн, уей Іэщхьэхукъэ!
Ткъэм и хьерым до лЬэІу,
КьолъэІу гупым кьахьыхьэ,
Кьаохьмыхьэр бжьы щІэмыхьэщ,
Гъуэгу ѣмыхьэр банэкІэщ,
ХьэуазанІэм укьыхэкІами,
Дариппэм щыкьей,
«Сожей», - жьипІэу уэхмыкае,
КьакІуи мы бжьэр сІыхь!

Апхуэдэу ээджа щІалэр и гъусэхэм занщІэу яутІыпщу, бжьэр кьыІрагъэхьІртэкъым. Щауэми, абы и ныбжьэгъуэми, уеблэмэ, кьагурымыІуа хуэдэу защІыкІ хьуэхьу дахэкІэ нэхъыжьхэм зызыхуаІэзэрнфІ щІэупщІэжуэ ирагъэгъэтэмэмырт тхьэмадэхэр зэрдкэр хэтми. Апхуэдэу, пІэщхьагъ зыгъуэта щІалэм и еблан я лакъуэм нэсыхукІэ лЬыжь кьэжьам жрагъэІэрт, итІанэ щауэкъуэтым е а гупым я пашэ джэгуакІуэм кьытрагъэзэжьыртм, ахэр кьрибжэкІырт псоми зэхахьу.

Абдежьм щауэр лЬыжь кьеджам гъусэтІ иІэу бгъэдыхьэрти, бжьэр кьыІихьырт. Абы ар и ижьырабгъумкІэ кьыщыІ щІалэм ЗщІигъэувэрт. ЛЬыжьым шыгу-пІастэ зэрыльъ тепщэчыр кьыбгъурытым кьыІихьырти щауэм кьритыжьырт. Ар щауэм и сэмэгурабгъумкІэ кьыщытым кьыІихьырти, ещанэу шхын гъур зэрыльъ тепщэчым кІэлЬыІэбэрт. Ари адрей тепщэчыр зиртам Іэщ ІигъэувэрТ, итІанэ Іэдэбу зыкьыгъаэзэрти, нэхъыжьхэм я пащхьэ кьиІэкІыжьырт и гъу са щІалитІыр и ужь итУ.

ЛЬыжьхэм ещхьу фызыжьхэри щауэм едкэрт. ЯІэныжьхэу жьлэзэм мыпхуэдэ хабзэхэр яІэщІэхужьІпащ: лЬыжьхэр щауэм щеджэкІ, фызыжьхэри зы лЬэныкьуэкІэ щытУ а Іуэхутъуэм кІэлЬопль.

ЛЬыжьхэм ещхьу, фызыжьхэми кьрата бжьэмрэ щхьэмрэ щауэм и гъусэхэм яритырти, езыр псынщІэу кьыщІэжьыжьрт, и щхьэр щІэгъауэ. Абдеж щауэм ежьэу щыІэзэхэтт щІалэгъуалэр. Ахэр гушыІэурэ щауэм и щІыбым иухырт. Щауэри жэкІэ кьыщІыщІэжьыкри, нэхъ удын мащІэ кьэтыхьи щхьэкІэт

Нэхъыжьхэм кьрата ерыскьыхэмрэ фадэмрэ яІыгьыу щауэм и гъусэ щІалэхэмрэ уэредадэ жьызыІахэмрэ лЬэныкъуэ зрагъэзырти зэх эст. Дауи, абыкІэ зэфІэмыкІыу абыхэм Іэнэ кьых уащтэр т, хьэгъуэлІыгъэр зей унагъуэм я гъунэгъуэм ящыщ гъуэдж е щауэр кьыздрашьжа щауэрІэм псоми яГъэзэжьыртри, абы щІэзэхэст.

МАФІЭДЗ Сэрэбий.
1994 гъэ.

● Хабзэ

Щауэишыж

Ежьу: Оу-ра, оу-ра-рэщ, уормэ, оу-ра-рэщ...
Фыкьэджэнумэ, зей, фыкьаджэ,
Ежьу: Оу-ра...
Фыкьэмыджэнумэ, Іудошьжьр!
Ежьу: Оу-ра, оу-ра-рэщ, уормэ, оу-ра-рэщ!

ИтІанэ щауэишыжьым я пашэ гу эрым псори зэтрегъэуВыІэ: нэхъыкьхэр кьрадзэрт. Псори щІым мэхъу. Щауэм кьеджэр лЬыжь жьакІэщ е хьэгъуэлІыгъэм кьрихьэлІа джэгуакІуэр. Ар бжьэр ІэщІэту мэтэдж. ЩыІсхэм я нэхъыжь дыдэм фІэда кьэмыиэу псори кьыІэфІоувэ. Кьэджэну лЬыжьым и сэмэгурабгъумкІэ кьыщытым шхынгъур зэрылъ тепщэч, ижьырабгъумкІэ кьыщытым джэд е гуэгуш гъва яІыгъщ. ЛЬыжьыр макъ шэщІакІэ кьоджэ:

Уэ, ди шынэхъыщІэу лІэщІыгъуэр зей,
Бажэ уещэмэ, щыхь кьзбгуКІыу,
ХьыкІэ уещэмэ, дыщэ кьихьэу,
Узыхьхьэм я дрэжэгъуэу,
Уи ныбжьэгъуэр ну зд ухьу!
Уи ныбжьыр кІыхь ухьу!
Мыр лъэпкъ лЬэужьыр кьыщежьэ лЬагъуэщ,
Лъэпкъ мыгъэкІуэдщ,
Уи жьы хьуГь уэм дамэгъу дгъІыззщ.
Зэхуэсахэм хьуэхьу кьыпхужаІэ,
Псэхэр мэгуфІэ, благъэхэр мэпэкІу,
КьэкІуахэр уэ кьожьэ,
Кьеблэгъэж, дыножьэ!
КьыпкІэлЬыдджэм уагъэгъэкъым,
Узыхэтри кьытхэщІэркъым,
КьыдэпщІари догъэгъу,
ДыпІуплъэну дыножьэ,
Мы фадэфжьъэр убыд,
Уи адэ и щІапІэр гъэдахэ,
Уи анэ дахэу епсалъэ,
Уэ уи лЬабжьэм дохьуэхьу,
Ткъэм и хьерым до лЬэІу,
КьолъэІу гупым кьахьыхьэ,
Кьаохьмыхьэр бжьы щІэмыхьэщ,
ХьэуазанІэм укьыхэкІами,
Дариппэм щыкьей,
«Сожей», - жьипІэу уэхмыкае,
КьакІуи мы бжьэр сІыхь!

Апхуэдэу ээджа щІалэр и гъусэхэм занщІэу яутІыпщу, бжьэр кьыІрагъэхьІртэкъым. Щауэми, абы и ныбжьэгъуэми, уеблэмэ, кьагурымыІуа хуэдэу защІыкІ хьуэхьу дахэкІэ нэхъыжьхэм зызыхуаІэзэрнфІ щІэупщІэжуэ ирагъэгъэтэмэмырт тхьэмадэхэр зэрдкэр хэтми. Апхуэдэу, пІэщхьагъ зыгъуэта щІалэм и еблан я лакъуэм нэсыхукІэ лЬыжь кьэжьам жрагъэІэрт, итІанэ щауэкъуэтым е а гупым я пашэ джэгуакІуэм кьытрагъэзэжьыртм, кьоджэ:

Уэ, ди шынэхъыщІэу лІэщІыгъуэр зей,
Бажэ уещэмэ, щыхь кьзбгуКІыу,
ХьыкІэ уещэмэ, дыщэ кьихьэу,
Узыхьхьэм я дрэжэгъуэу,
Уи ныбжьэгъуэр ну зд ухьу!
Уи ныбжьыр кІыхь ухьу!
Мыр лъэпкъ лЬэужьыр кьыщежьэ лЬагъуэщ,
Лъэпкъ мыгъэкІуэдщ,
Уи жьы хьуГь уэм дамэгъу дгъІыззщ.
Зэхуэсахэм хьуэхьу кьыпхужаІэ,
Псэхэр мэгуфІэ, благъэхэр мэпэкІу,
КьэкІуахэр уэ кьожьэ,
Кьеблэгъэж, дыножьэ!
КьыпкІэлЬыдджэм уагъэгъэкъым,
Узыхэтри кьытхэщІэркъым,
КьыдэпщІари догъэгъу,
ДыпІуплъэну дыножьэ,
Мы фадэфжьъэр убыд,
Уи адэ и щІапІэр гъэдахэ,
Уи анэ дахэу епсалъэ,
Уэ уи лЬабжьэм дохьуэхьу,

● Хъуэхъу

Дыгулыбгъуей кьуажэм щыщ Уэрдокъуэ Алнуас Мырзэкьан и къуэм и ныбжьыр илъэс 50 зэрыритхыр етъэлъа-пІэри, дохьуэхьу

ГъащІэм и зы пычыгъуэ ныбжь дахэр дунейм и щІэрыдІэгъуэу псэ зыдэуш-шэ гъатхэм зыгъэлъапІэ Алнуас дынокъуэхъу щІылъэм щызекІуэ насыпым и нэхъыфІыр къоуэІэну. Уи узышнагъэр мыкІуэщІу, гуауэм упэІэщІэу, берыЗтэпр уи жьэгуу, уи гугъэмрэ гъащІэмрэ зэтуэуу, уи быным и Іуэху зэтеуварэ я ехьулІэныгъэм уригушхуэу, уи гурхэзыІахъуэ, дэрэжьэгъуэ кьозыт уи кьуэрыкъуэ щыкІу Гуланэ и гуфІэгъэ куэд пльагъуэ, уи хьуэпсапІэ псори кьохъуІэу куэдрэ утхуэпсэуну Тхьэм жиІэ.

Уэрдокъуэ уи кьуэш-хэмрэ уи шыпхъухэмрэ, уи быныхэр, уи кьуэ-рылъу щыкІу Гуланэ, и гуфІэгъэ куэд пльагъуэ, уи хьуэп-сапІэ псори кьохъуІэу куэдрэ утхуэпсэуну Тхьэм жиІэ.

● ЖыІэгъуэхэр

Гъуэгушхуэр лъэс лъагъуэ цІыкІу-цІыкІуурэ

● Бзэгу зыхуэхьыж кьзбгъанэу зыхьым ущымыхьэ. ЯУХУЭН
● Бзэгузэхьэм пщІы ящыпкъым - аращ абы и ныкъусаныгъэри!
● ЗэрыщІатэм еплъ жаІэми, здынэсыфар моракъэ жаІэми кьыпхуопсалъэ.
● ПсалъэмакъэР ежьэмэ, кьэгъэзззжькІэ ищІэркъым.
● ЦІыхум игу кьыпхуилъыр и натІэм кьызэпхивтэмэ, гъуанэу пхиудыжьнти.
● БлэкІа зэманри кьэкІуэну зэманри и зэманым щызэпхащ.
● Гъатхэм пэплъэ, гъэмахуэм кІэлъыплъ, бжьыкъэм зыпплъыхьу ущымыс - щІымахуэр кьыпплъэ.
● Гъуэгушхуэр лъэс лъагъуэ цІыкІу-цІыкІуурэ яухуэн.
● Дунейм щилэжьам нэхъыбэ хуэзфІэкІыну щытауэ зи гугъэр кьопцІэ.
● Жьлэр зэ здэкІуэ хьэдрыхэм тІэу кІуэ щыІэмэ, ар зи закъуэ пІийуэ дунейм кьытенэращ.
● Зэман зи куэдыр цІыху кІуэдащ.
● Зэрапхъуэмрэ ямыжьжьмрэ зэманкІэщ зэрызэщхьащыкІыр: ядэм и «дыгъэр» кьухьэмэ, ямыджьым и махуэр кьоунэхуж.
● Пльэхъэнэ жьыжьэм щыпсэуа куэд иджыри куэдкІэ ди ялэ итщ.
● Махуэр сэбэпынщэу зэрыбгъэкІуар кьэпщІэжмэ, арп псыхэкІуадэ дыдэу кІуакъым.
● Нэгум щІэкІыж зэпытыр блэкІам щыщкъым.
● Нэм къыщІэуэр занщІэу къищтэркъым - зэман хуейщ.
● Уи ялэкІэ мыкъэ хьурей бгъажэмэ, абрэмыВэу кьыпІуощІэж.
● Хэкум щІэбэным зэ лъы егъажэ, зыбгынэм щІэмычэу нэпс кьрегъэжэх.
● Гъуэгу теувар лъэпэрапэмэ, лажьэ зимыІэ нысащІэм угъурсызыфэ ирапльэ.
● Уипхъу жеПІэрейр езы уи нысэм зэ еІуэтыІли утынышжащ.
● Уиагъуэр хьэргъэшыргъэмэ, нысэ псэ хейри фІэгъэнапІэ ящІ.

БЕЙЗЫГЪУЭН Сафарбий.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

ЫыцІыкІулыбжьэ, пІастэкум илъу

МЫР КЪУЩХЬЭХЪУ щыІэ Іэщыхьэхэм ящыІэрейуэ щытащ. Абы щхьэкІэ Іэщыщхъуэми Іэщ щыкІУми я лыр тыкъыр щІыкІуурэ, грамми 6-10 хъуэ, ящ-пщІатэ, псы щІыЗэкІэ ятхьэщІ, ягъэжэпхьыж, яшыу, пщтыру кьэплъа тхъур зэрыт тебэм лы гъэжэпхъажэр мыІуВ дыдэу ираЛъхьри, чымчыркІэ зэІащІэурэ вэгъу кьытрищІэным нэсыхукІэ ягъажъэ. ИужькІэ мафІэр щІыкІу дыдэ ящІ, бжьыхьы укъэбзар щІыкІунитІэу яупщІатэ, лым хальхьэри, зэІащІэурэ ягъажъэ.

Бжьыныхум дыщІафэ кьищІы щыщІидзэм, шыбжий сыр хьэжа хакІутэри, зэІащІэурэ дакъикьитІ-щыкІэ ягъажъэ мафІэ щІыкІукІэ. ИтІанэ псы щІыІэ щІакІэ, мафІэр ин ящІ, шыуаныщхьэр трапІэри, хьэзыр хьухэу трагъэт.

Лыр мыжьъуэр псыр щІэвэщІэнкІэ хъунущ. Абы щыгъуэ псы щІакІэжьи ягъажьэ. ЛЫ ЖьамщІакІа псымрэ дагъэмрэ шыпсым хуэдэу щІэтын хуейщ, и фэр пльыжь дахэу.

Лыр жьхэу и пІастэри ящІ. Іэнэм щытрагъэувэкІ, пІастэ пщтыыр тепщэ куум иралъхьэ, и кур кумб ящІ, лы гъэжьар зэрызэщІэльу абы ираЛъхьэ, хьурейуэ кьотІысхЭрИ пщтыру яшх.

Шхупс, махъсымэ, шей трафыкьыж.

Шхныгъуэр щагъэхъэ-зыркІэ хальхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): бьлымылу - грамм 300, тхьвуэ - грамм 50, бжьыныхУ укъэбзэуэ - грамм 20, псыуэ - грамми 180, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьылъым кьитхьыжащ.

● ХъыбарегъащІэ

Щхьэлыкъуэ дамыгъэтедзэм фыкъеблагъэ!

ПщІэ ЗЫХУЭТщІ ди лъэпкъэгъуэгуэ шы зыгъэхьу, аз фІыуэ зыпльагъу псоми захудогъазэ.

Ди лъэпкъ ІащІагъэу шы гъэхъуным ижь-ижьыж ІкІандзрэ кьыдэгъэгурыкІуэ зы дауэдапщэ - дамыгъэтедзэ - кьыдэтхьыжу ильэс кьэс едгъэкІуэкІыну ди мурадщ. Шу пщыІэхэр адыгэ пщІантІэм и хьуреягъэкІэ екІуу кьетщІэжьнурэ дамыгъэхэр тедзэнунущ, махъсымафэ, шурылъэс, шыгъажэ етщІылІэнущ, аркъэн зэдэздзынущ; шымрэ шууеймрэ ехьэлІа хабзэхэмкІэ, адыгэ джэгуІэхэу чыеуэкІэ, джэдыкІэеуэкІэ, н.къ. дызэпеуэнущ.

Зи шыфэлІыфэ дахэу утыку щызыІэтыр ІащІагъэну хуей псори фыкьыдогъэблагъэ.

Дамыгъэтедзэр мэлыжьыхьым и 26-м сыхьэт 11-м щІидзэу ЩхьэлыкъуэкІуажэбгъум щекІуэкІынущ (Ленниным и уэрамымкІэ удэкІуейуэрэ Почтовэ уэрамымкІэ хьупІэм удэкІынущ). УпщІэ фиІэмэ, профессор **ЩыпыІнэ Асльэн** зыхуэзгъаз 89286905759 тел.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэ. Щхьэлыкъуэ къуажэ администрацэ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэщ.

● Псалъэжьхэр

◆МафІэм псыр къегъавэ, псывэм мафІэр егъэ-ункІыфІ.
◆ МащІэр гуапэщ, гуапэр псапэщ.
◆ Мэлым и кІапэ и хьэльэкъым.
◆ Мывэ сыныр мэкІуэдыжьк, мыкІуэдыжьр уэрэдщ.
◆ Нэм щІэлъыр Іугъуэм кьыщІеху, гум и ныбжьэм къреху.
◆ Ныбэм и лажьэр ІуэтэжьгъуафІэщ.
◆ ПащІэр инми, жьакІэр щІиуфэрКъым.
◆ Пкъымрэ псэмрэ зэІэпыкІыгъуейщ.

КъБР-м Хьыбарегъащ1э Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я союзыр, «Программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» канал» къэрал Іуэхущ1апІэр, «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Кабардино-Балкарская правда», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм я редакцэхэр радио программэхэр къэтынымкІэ къудамэм и унафэщІ **Багъэтыр Нинэ Езид и пхъум** хуогугъазэ абы и дэлъху **Багъэтыр Адэлбий Езид и къуэр** зэрыІам къыхэкІыу.

КъБР-м Хьыбарегъащ1э Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я союзыр, «Кабардино-Балкарская правда», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм я редакцэхэр радиоу Урысейм и Тхакіуэхэм я союзым хэт, КъБР-м и Тхакіуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Бегиев Абдулыхь Мустэфа и къуэм** хуогугъазэ абы и къуэш **Бегиев Байдулыхь Мустэфа и къуэр** зэрыІам къыхэкІыу.

Псалъэзэблэдз

ЕІуэжІыу: **4.** Нартхэм я гуащ. **7.** Бийм и мылькуу, и Іэщфащэу текІуам кьыЗрыхьэр. **9.** КъуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыпсэу хъэрыпл щыхухьхэм пыІэ папщІэу я щхьэм кьрашэкІ щэкІ. **12.** Пасэрей зауэлІ джанэ, жырым кьыхэщІыкІауэ. **14.** ПащІэ Бэчмырзэ, ТІыхъужь Алий, Токъуий Хъусен, Сибэч Быхуэ сымэ кьыщалъхуа кьуажэ. **15.** Мусульманхэм я махуэ лъапІэ. **16.** Кхъуейлъалъэ, кІэртІоф гъэва, лы хуэдэхэр долъу ящІ шхыныгъуэ. **19.** Ди щІыналъэм щыІэ псыежэх. **21.** Псы кьаёзэхэм хэс бдзэжьей лІэужьыгъуэ. **22.** Іуаіцъэмахуэу щыгу япэ дыдэу дэкІа адыгэлІ. **23.** Нарт лЬыхъужь. **25.** Псэущхьэхэм я «пащтыхь». **29.** Бжэр хэпъыну блыным хащІыхь ГъуанэР. **30.** Адыгэ тхакІуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата. **34.** Гъыринэ. **38.** Нынышхуэ. **39.** Іэщ гъэхъуным пыщІа ЇэщІагъэ. **40.** «Куэсэ ... умыщІ». **41.** Ди республикэм щыщ кьалэ. **42.** МахуэщІэ. **43.** Адыгэм куэд щІауэ кьыгъэкІгъаэ. **46.** Иримыкъу, зызымыгъэнщІ, иІэр зигу пымыкІ. **48.** Адыгэхэр Сириием зэреджэу щытар. **50.** Шыр зэрагъэІэсэ кІапсэшхуэ. **52.** Мусульманхэм я махуэ лъапІэ.

Кьехьму: **1.** ЩакІуэм фочышэу кьитхэсэбэн бдзапщІэ хьуреи щІыкІу. **2.** А унэшІэр зэрахьэ КъэбэрдейБалъкъэр къэрал университетым и ректору щытами, адыгэ тхакІуэми. **3.** ЕджакІуэм унэм щигъэзэщІэн хуеІуэ ират лэжьыгъэ. **5.** Льахьстэн вакъэ пІащІэ. **6.** Махъсымэ щащІкІэ кьагъэсэбэп пщагъэ. **8.** Адыгэхэр Дон псым зэреджэу щытар. **10.** Адыгэ таурыхьхэм узыщІрихьэлІэ шы лъэрыкъэхэ. **11.** Нарт лЬыхъужь. **13.** ФІыуэ щхэ, егъэлеяуэ шхынкІэ зыхуэсакъыж. **16.** ХьэрыпыбзэкІэ кьабж нэмэзыбзэ. **17.** Адыгэ хьыбарыкъэм узыщрихьэлІэ щІыхуэ пелуан. **18.** Илъэс минищ и пэкІэ псоуэ, адыгэр кьызытепщІыкІа льэпкъ. **20.** Тоннищ хуэдэ къэзышэч псым хэс псэущхэ. **21.** «Нал ...ъ - КІыщокьуэ Алим и роман. **24.** Щоджэнщ1ыкІу Алий и щІэр зэзыхъэ Кьэбэрдей кьэрал драмэ театрым и режиссер нэхъыщІхьэу щыта. Е пасэрей фоч. **26.** Кьамэ, джаз? ... **27.** Зеннщэ. **28.** Зэпымыууэ уэс зытель бгыщІхуэ. **31.** ПхъэбыдэкъызыхьаЖыг лІэужьыгъуэ. **32.** ЩхьэхынЭ. **33.** 18-нэ лЭщІыгъуэм псэуа адыгэ дзэзешэ лЬыхъужь. Е ГуІыгъ Борис и пьесэ. **35.** ЩІыр псыІатъэ хуэныкъуэу зэман кІыхьКІэ уэшх кьыщІмыщІ лЬэхъэнэ. **36.** «Ажалыр ... нэхър нэхъ гъунэгъущ». **37.** Кьэбэрдейм и пщы уэлий Жанхъуэт ... **38.** ПхъэкІапэ. ЗимыЇуэху зезыхъэм и щхьэм кьытехуэнкІэ зыхуэІуа щыІэкъым. **44.** Кьэбэрдей-Балъкъэрым и лЬщІхьэу щыта Мэлбахьэу Тимборэ, Совет Союзым и ЛЬыхъужь Кьанкъуэщ Ахьмэдхьан, Социалист Лэжьыгъэм и ЛЬыхъужьхэу Пэнагуэ Азэмэтджэрий, Дадэ ХьмыпІэ, льэпкъ литературэм и лэжьакІуэхэу Теунэ Хьэчим, Сокъур Муэсрбий, ШхьэІуащ **Андрей, Тхьэгъэзит Зубер,** ШэджьхьэщІэ Хьэмыщ, КъэжэрПІ ЩІалэ щыта кьашалъхуа куей. **45.** АдакъэщІэрэ ... пІастэрэ. **46.** Адыгэ сабийхэм папщІэ кьыдэкІ журнал. **47.** Зипхъу ирахьжьам, зи былым ирахьжьам кІэлъыщІэпхъуа гуп. **49.** « ... хиса жыгыр мэгъуэ. **51.** А унэшІэр зэрадз Кьэбэрдей-Балъкъэрым щыщ тхакІуэ ЦІэрыІуитІым. **52.** УэрэджьІакІуэ Іэзэу щыта, Кьэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэ артист.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэлыжьыхьым и 11-м ди гъэтхэм псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Ек Іуэлыу: **3.** Кьашыргъэ. **8.** ШЭуей. **9.** «ЛЫщІэж». **10.** Псы. **11.** Умэ. **12.** Уэхьутэ. **14.** Сыбыр. **17.** ХьэкІэмэл. **21.** Щомахуэ. **22.** Алабгъэ. **23.** Пхъэпс. **24.** Бэдэу. **28.** ЩІэрыкІуэ. **29.** Щхьэгъуэз. **30.** Тхьэрыкъуэ. **37.** «Борэ». **38.** Нэгэгъу. **39.** Бот. **40.** Акъужь. **41.** Гуартэ. **42.** Дэтэл. **43.** Пэрыхьэт.

Кьехьму: **1.** Шэджэм. **2.** Бещто. **4.** Акъсырэ. **5.** Гъэмахуэ. **6.** Джьжьын. **7.** Шэтыр. **13.** Уэнэ1э. **15.** ПщыхьэщІэ. **16.** Кумб. **17.** Хьэрмэ. **18.** Ландыщ1э. **19.** Гъубж. **20.** Джэримэс. **25.** Кьурт. **26.** Щэращ. **27.** Бгъуэ. **31.** Хьэфотэ. **32.** КьудыкъущІэ. **33.** Роман. **34.** Сэнтх. **35.** Кьэлэр. **36.** Нэмэ.



Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылаес Заурбэч (редакторнэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редакторнэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редакторнэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхьэ секретарь), **ГъущІо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленниным и цІэкІ цыІэ уэрам, 5, еБгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редакторнэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторнэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ льэныкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ Іэщ1эмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пжагъымкІэ ахэр зытхахэм ирэу жэуап яхь . Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэныту щыткьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щІэту яТхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхьэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Ленниным и цІэкІ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элл, редактору Истепан Залиф, корректорхэр Цей Заиф (1, 3, 6-нэ нап.), ПхъІыкІ Юр (2, 4, 5-нэ нап.), корректорэр я дэІныкъуэгъу Иуан Заиф. КомпьютерыІэ газетым и пентьэр ящІащ: Ныр Саид, ЩакІуэ Мадинэ, сурэтыщІ Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейр сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар